# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–10 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सपथ ग्रहण के बादे सबसे पहिले आजु किसान सम्मान निधि क सत्रहवीं किस्त जारी करे के फाइल पर दस्खति कइले। एकरे जरिया से 9.3 करोड़ किसानन के खाता में बीस हजार करोड़ रुपिया दिहल जाई। किसान सम्मान निधि के फाइल पर दस्खति कइले के बादे प्रधानमंत्री किसान कल्याण के प्रति सरकार क प्रतिबद्धता के दोहरवलें। उहां के कहलीं कि ऊ आवे वाला समय में किसानन अउर कृषि क्षेत्र खातिर अउरियो ढेर काम करल चाहे लें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में प्रधानमंत्री कहलें कि देस भर के अपने किसान भाई–बहिन क जिनगी असान बनावे खातिर सरकार प्रतिबद्ध हौ। ई उनकरे खातिर सौभाग्य क बाति हौ कि प्रधानमंत्री के तौर पर कार्यभार सम्हरले के बाद पहिला काम उनकरे बदे कइले क मौका मिलल हौ।

**********

जम्मू कश्मीर क उप राज्यपाल मनोज सिन्हा काल्हि ओहां के रियासी जिला में भइल आतंकवादी हमला के मृतकन के निकट परिवार वालन के दस–दस लाख रूपिया अउर घाही लोगिन के पचास–पचास हजार रूपिया क अनुग्रह रासि दिहले क घोसणा कइलें। येह हमला में कुलि दस लोगिन क मउति भइल हौ, जेहमें से दुइ गो उत्तर प्रदेस क रहवइया हवें। हमला में मेरठ, बलरामपुर, वाराणसी, गोरखपुर के ले के उत्तर प्रदेस के कई जिलन क दरजन भर लोगि घाही भइल हवें। उहां के अस्पताल में घाही लोगिन से मिलले के बाद उप राज्यपाल कहलें कि आतंकी हमला जइसन अनुचित कोसिस से कड़ाई से निपटल जाई अउर आतंकवादियन के छोड़ल नाहीं जाई। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्म, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, केंद्रीय मंत्री अमित शाह, राजनाथ सिंह अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह घटना पर दुख जतवले हवें। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहले हवें कि अपर मुख्य सचिव गृह अउर पुलिस महानिदेसक के जम्मू कश्मीर के स्थानीय प्रसासन से सम्पर्क कइ के प्रदेस क घाही लोगिन क ठीक से इलाज अउर उनकर सुरक्षा सुनिस्चित कइले क निरदेस दिहल गइल हौ।

येह बिच्चे आतंकी हमला में गोरखपुर जिला क एक्के परिवार के चारि घाही लोगिन के घरे पहुंचि के गोरखपुर ग्रामीण विधायक विपिन सिंह उन्हें मुख्यमंत्री के ओरि से सहायता रासि क चेक दिहलें। येह मौका पर जिला प्रसासन अउर पुलिस से जुड़ल अधिकरियो उनकरे साथे मौजूद रहलें।

**********

एक जुलाई से लागू कइल जा रहल नया आपराधिक कानून क प्रदेस क पुलिस के ओरि से सोसल मीडिया प्लेटफारम के जरिया से जनहित में व्यापक परचार–प्रसार कइल जा रहल हवे। उत्तर प्रदेस पुलिस एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिया से भारतीय न्याय संहिता दुइ हजार तेइस में छिनइती से जुड़ल नया कानून के बारे में बतवले हवे। पुलिस के हिसाबि से येह नया कानून के हिसाबि से चैन अउर मोबाइल छिनले जइसन अपराध बदे धारा तीनि सौ चारि के तहत तीनि सालि तक ले क सजा हो सके ला। जो त ई अपराध करे वाला कउनों गैंग क सदस्य हौ त ओके धारा एक सौ बारह के तहत कम से कम एक सालि अउर ढेरि से ढेरि सात साल के सजा क प्रावधान हौ। पुलिस एगो अउरियो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिया से बतवले हवे कि नया आपराधिक कानून के हिसाबि से सात सालि आ ओहसे ढेरि क सजा वाले सज्जो अपराधन में फोरेंसिक जांचि के जरूरी कइ दिहल गइल हौ।

**********

रामपुर जिला क एमपी एमएलए स्पेसल कोर्ट चरचित डूंगरपुर प्रकरण के एगो अउरियो मामिला में पूर्व कैबिनेट मंत्री आजम खां के बरी कइ दिहले हवे। बरिस दुइ हजार ओन्नइस में दरज येह मामिला में आजु न्यायाधीस डॉक्टर विजय कुमार क एमपी–एमएलए स्पेसल कोर्ट फैसिला सुनवलस। पूर्व कैबिनेट मंत्री सीतापुर जिला जेलि से वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के जरिया से कोर्ट के सामने पेस भइलें। येह मामिला में पूर्व कैबिनेट मंत्री आजम खां के ले के नौ लोगिन पर बरिस दुइ हजार सोरह में घर में घुसि के गाली–गलौज, जान से मरले क धमकी, कीमती समान तूरले अउर तीनि हजार रूपिया क नकदी लुटले क आरोप लगावल गइल रहल।

**********

बलिया जिला में स्वतंत्रता संग्राम सेनानी, प्रखर समाजवादी चिंतक अउर पूर्व सांसद स्व0 गौरीशंकर राय क आजु जन्म सताब्दी समारोह गौरीशंकर राय कन्या स्नातकोत्तर महाविद्यालय में मनावल गइल। येह मौका पर जिला के जननायक चंद्रशेखर विश्वविद्यालय क कुलपति प्रोफेसर संजीत कुमार गुप्ता बतौर मुख्य वक्ता कहलें कि राजनीतिक जिनगी में अइसन मनई बिरले पावल जालें। स्वर्गीय गौरी शंकर राय न त खाली सकारात्मक बिरोध के परम्परा क बुनियाद रहलें, बलुक उनकरे नजरि में रचनात्मकतो कूटि–कूटि के भरल रहल। सभा के गढ़वाल विश्वविद्यालय क पूर्व कुलपति प्रोफेसर लल्लन सिंहो सम्बोधित कइलें। उहां के चन्द्रशेखर से मांगि कइलीं कि स्वर्गीय गौरी शंकर राय के नांव पर एगो सोध विंग बनावल जाए। येह मौका पर गौरीशंकर राय स्मृति समिति क अध्यक्ष शारदानंद रायो उनकरे व्यक्तित्व अउर कृतित्व पर रोसनी डरलें। कार्यक्रम के दौरान कई गो प्रतियोगिता क आयोजन कइल गइल अउर विजेता लोगिन के पुरस्कार दीहल गइल। येह दौरान महाविद्यालय के प्रतिभासाली विद्यार्थियन के मेडलो दीहल गइल।

**********

गाजीपुर जिला में पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे पर बाराचंवर इलाका में चैनल नम्बर तीनि सौ ओन्नइस के लग्गे ठाढ़ डम्पर में अजोध्या से आ रहल सरधलुअन क तेज रफ्तार बस के टकरा गइले से चारि जने क मउति हो गइल, जबकि डेढ़ दरजन लोगि घाही हो गइलें। घाही लोगिन क इलाज बदे अस्पताले में भरती करावल गइल हौ। बस में सवार सज्जो यात्री अजोध्या से दरसन कइ के अपने घरे बिहार जात रहलें।

**********